# Qaraqalpaqstan Respublikası Suw xojalıǵı ministriniń birinshi orınbasarı tayınlandı

Image not found or type unknown

Búgin, 19-yanvar kúni Qaraqalpaqstan Respublikası Suw xojalıǵı ministrliginde Ózbekstan Respublikası Suw xojalıǵı ministri Sh.Xamraev basshılıǵında jıynalıs bolıp ótti. Bul haqqında ministrlik málimleme xızmeti xabar berdi.

Jıynalısta jerlerdiń shorın juwıwǵa tayarlıq kóriw, irrigaciyalıq hám melioraciyalıq obektlerde ámelge asırılatuǵın ilajlar menen birge shólkemlestiriw máselesi de kórip shıǵılǵan.

Qaraqalpaqstan Respublikası Suw xojalıǵı ministriniń birinshi orınbasarı lawazımına Júzbaev Baxtiyar Erganievich tayınlanǵan.

Maǵlıwmat ornında atap ótiw kerek, B.Júzbaev usı tayınlawǵa shekem Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti janındaǵı Agrosanaat kompleksi ústinen qadaǵalaw inspekciyası Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması baslıǵınıń birinshi orınbasarı lawazımında islep kiyatırǵan edi.